## *Аргъау «Митын Дада куыд фæдзæгъæл».*

Дард Цæгат фарс, тар хъæды цардис- уыдис Митын Дада. Ног азы размæ йæхи цæттæ кодта балцмæ æмæ райдыдта йæ хызын дзаг кæнын алыхуызон лæвæрттæй. Тагъд  Митын Дада раарфæ кæндзæн æппæт сабитæн Ног азы фæдыл æмæ байуардзæн лæвæрттæ. Сыккой кодта йæ диссаджы хызын æмæ араст ис.
Цæуы, цæуы æмæ бамбæрста кæцыдæр рæстæг кæй фæдзæгъæл, уый. Ахæм хабар ыл никуы ма æрцыд. Митын Дада тынг хорз зыдта фæндаг, никæддæр фæдзæгъæл. Бирæ фæрацу-бацу кодта хъæды æмæ иу афон рахызт цыдæр æнахуыр хæдзармæ. Митын Дада йæ зыдта, уыцы хæдзар Къуылбадæг усы кæй уыд. Бамбæрста ныр хуымæтæджы кæй нæ фæдзæгъæл.



Адзæбæх кодта Митын Дада йæ хызын æмæ ныфсджындæр къахдзæфтæй бацыд хæдзармæ.



Бахыст мидæмæ, къуымы ауыдта Къулбадæг усы. Уый хиндзастæй асæрф – асæрф кодта кæрæдзиуыл йæ армы тъæпæнтæ æмæ чыр – чыр кодта.
- Цæй цы, зæронд, къæппæджы бахаудтæ?
- Цæмæн  бакодтай ахæм митæ, Къулбадæг ус?
- Ме' рбацыдмæ сабитæ æнхъæлмæ  куы кæсынц.
Къулбадæг ус тар æрфыгæй бакаст Митын Дадамæ æмæ йæм дзуры:
- Алы аз ды арфæтæ фæкæныс сабитæн Ног азы къæсæрыл, байуарыс сын лæвæрттæ. Мæнæн та никуы ницы балæвар кодтай. Æз дæр тынг смæсты дæн æмæ дын дæ сæр разилын кодтон, цæмæй фæндаг ма ссарай. О, æмæ ма мын ноджы тынг æнкъард вæййы иунæгæй хæдзары бадын. Зымæджы куыст нæй, æрмæст бадын æмæ рудзынгæй кæсын æддæмæ. Уым та мит æрæмбæрста бæлæстæ, æндæр ницы.

Митын Дада ныхъхъуыды кодта, райхæлдта йæ хызын, систа дзы цыдæр. Тынг дынджыр нæ уыд, æрттиваг гæххæтты тыхтæй, алыхуызон уадздзæгтæй баст æмæ йæ балæвар кодта Къулбадæг усæн:
- Мæнæ дын, Къулбадæг ус, сæрмагонд лæвар. Диссаджы лæвар! Æнкъард куы кæнай, уæд айдæн æрсæрф æмæ дын уай тагъд равдисдзæн Иристоны рæсугъддзинæдтæ. Ноджы ма равдисдзынæн кинонывтæ æмæ аргъæуттæ сабитæн. Æрмæст хъæрæй зæгъын хъæудзæн цы дæ фæнды фенын,уый.
Бацин кодта Къулбадæг ус, нал фæгæдзæ кодта, райхæлдта айдæнæн йæ тухæн гæххæтт æмæ зæрдиагæй райдыдта алыхуызон нывтæм кæсын.
Тынг разыйæ баззад йæ лæварæй Къуылбадæг ус. Раарфæ кодта Митын Дадайæн æмæ загъта:
-Дæ фæндаг уæгъд. Митын Дада бацин:
- Бузныг, фæлæ æз тынг ныффæстиат дæн дæ хинæй æмæ мæ рæстæгыл нал сæмбæлдзынæн сабиты бæрæгбонмæ.
-Уый диссаг нæу, - загъта Къулбадæг ус.
- Атæхæм сабитæм  мæнæ мæ уисойыл. Сбад мæ фæстæ æмæ мыл хъæддых хæц.



Митын Дада уæндонæй абадт уисойыл Къулбадæг усы чъылдыммæ æмæ цыма ракетæ у, уыйау сфардæг сты арвы бæрзæндтæм. Сабиты

цинæн нал уыд кæрон куы федтой Митын Дада æмæ Къулбадæг усы уисойыл тæхгæ. Митын Дада йæ рæстæгыл сæмбæлд сабиты бæрæгбонмæ æмæ алкæмæндæр радта лæвар.